# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–16 सितम्बर 2025** **भोजपुरी समाचार**

बेसिक सिक्षा विभाग क सेवारत सिक्षकन बदे टीईटी परीक्षा क अनिवार्यता के खिलाफ प्रदेस सरकार सर्वोच्च न्यायालय में रिवीजन याचिका दाखिल करी। ई जनकारी मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अपने सोसल मीडिया प्लेटफारम पर दीहल हवें। मुख्यमंत्री कहलें कि प्रदेस क सिक्षक अनुभवी हवें अउर समय–समय पर सरकार की ओरि से उन्हें ट्रेनिंग दीहल जाला। अइसन में उनकर योग्यता अउर सेवा बरिस के नजरअंदाज कइल उचित नाहीं हौ।

**********

केन्द्रीय प्रत्यक्ष कर बोर्ड, आकलन बरिस दुइ हजार पचीस–छब्बीस बदे आयकर रिटर्न भरले क आखिरी तारीख एक दिन बढ़वले क फैसिला लिहले हौ। अब रिटर्न आजु राति बारह बजे ले दाखिल कइल जा सकी। आयकर विभाग काल्हि देर राति सोसल मीडिया पोस्ट में ई जनकारी दिहलस।

**********

येह महिन्ना के तीनि सितम्बर के जीएसटी परिषद आम लोगिन क जिनगी सुगम बनावे बदे कई क्षेत्रन में कर कटउती कइले रहल। कृषि क्षेत्र में जीएसटी सुधारन के ले के प्रस्तुत बा एगो रिपोर्ट–

***अट्ठारह सौ सीसी से कम क्षमता वाला ट्रैक्टरन पर जीएसटी क दर बारह फीसदी से घट के पांच फीसदी कइ दीहल गइल बा। टायर, ट्यूब अउर हाइड्रोलिक पंप जइसन ट्रैक्टर के कल–पूर्जा पर जीएसटी घट के पांच फीसदी कइ दीहल गइल हौ जवन पहिले अठारह फीसदी रहल। खेती में इस्तेमाल होखे वाला बिसिस्ट जैब कीटनासक सूक्ष्म पोसक तत्व, ड्रिप सिंचाई प्रणाली अउर पानी छिड़काव प्रणाली के सथहीं फसल कटाई अउर अनाज क छटाई में उपयोग होखे वाला कई गो कृषि मसीनियो पर जीएसटी क दर बारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी कइ दीहल गइल बा। ई नया जीएसटी दर बाइस सितम्बर से लागू कइल जाई। आकाशवाणी नई दिल्ली से शिवांग अउर नीतिका गुप्ता के रिपोर्ट के साथे आकाशवाणी समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

बिहने से सुरू हो रहल 'सेवा पर्व' के तहत आजु लखनऊ में दुइ दिन क रोजिगार मेला सुरू भइल। मेला क आयोजन कौशल विकास मंत्रालय की ओरि से कइल गइल हौ। मेला में सौ से जियादा कम्पनी नौजवानन के करीब सात हजार पांच सौ नोकरी अउर अप्रेंटिससिप क मौका दे रहलि हइनि।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुआई में सेवा अउर सुसासन के मंत्र से अभिप्रेरित सरकार प्रगति अउर परिवर्तन बदे लगतारे कार कइ रहलि हौ। बिसेस श्रृंखला 'सेवा पर्व' में नवीकरणीय अउर स्वच्छ ऊर्जा क्षेत्र में सकारात्मक बदलावन बदे नरेन्द्र मोदी सरकार के कार्य के ले के प्रस्तुत बा एगो रिपोर्ट–

***स्वच्छ ऊर्जा न केवल कार्बन उत्सर्जन को कम कर रही है, बल्कि हरित रोजगार भी पैदा कर रही है। ऊर्जा की पहुँच में सुधार हो रहा है और एक वैश्विक जलवायु नेतृत्व के रूप में भारत की भूमिका मजबूत हो रही है। पिछले महीने गुजरात के हंसलपुर में एक कार्यक्रम के दौरान हरित गतिशीलता योजनाओं का शुभारंभ करते हुए, प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी ने इस बात पर जोर दिया कि स्वच्छ ऊर्जा और स्वच्छ गतिशीलता एक वैश्विक केंद्र के रूप में भारत के भविष्य को आकार देंगे।***

***ये हमारा फ्यूचर है, ऐसे ही प्रयासों से भारत तेजी के साथ क्लीन एनर्जी और क्लीन मोबिलिटी का एक रिलायबल सेंटर बनेगा।***

***मार्च 2014 से जून 2025 तक, नवीकरणीय ऊर्जा क्षमता लगभग तीन गुना बढ़कर 226 दशमलव आठ गीगावाट हो गई है। सौर ऊर्जा उत्पादन एक लाख 8 हजार गीगावाट प्रति घंटे से भी ज़यादा हो गया है, जिससे भारत जापान को पीछे छोड़ते हुए दुनिया का तीसरा सबसे बड़ा सौर ऊर्जा उत्पादक बन गया है।***

***अपना अनुभव साझा करते हुए, वाराणसी, उत्तर प्रदेश के श्री आसियानशी ने कहा कि पीएम–सूर्य घररू मुफ्त बिजली योजना नागरिकों के लिए अपनी छतों पर बिजली पैदा करने और ग्रिड को अतिरिक्त बिजली बेचकर कमाई करने का रास्ता खोल रही है।***

***हर नए सौर पैनल की स्थापना और हर कार्यशील पवन टरबाइन के साथ, भारत एक स्वच्छ और हरित कल की ओर अपने परिवर्तन का एक शक्तिशाली अध्याय लिख रहा है। विष्णु की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से मैं हिमांशु कांडपाल।***

**********

लखनऊ के भारत रत्न अटल बिहारी वाजपेई इकाना स्टेडियम में आजु से भारत 'ए' अउर आस्ट्रेलिया 'ए' के बिच्चे टेस्ट मैच क सुरूआति भइल। येह दौरान ऑस्ट्रेलिया 'ए' टॉस जीति के पहिले बल्लेबाजी करत लंच ब्रेक के बाद बिना विकेट गिरले एक सौ अड़तीस रन बना लिहले रहल। बरखा के नाते आजु पहिला दिन क पहिला सत्र नाहीं खेलल जा सकल।

**********

मौसम विभाग आजु से ले के ओन्नइस सितम्बर ले पूरबी उत्तर प्रदेस में कहीं–कहीं भारी बरखा क धिरवनिया दिहले हौ। विभाग आजु अउर बिहने येह अंचल में कहीं–कहीं बिजुलियो गिरले क अनेसा जतवले बा। येह बिच्चे, गोरखपुर अउर आसपास के जिलन में अजुओ कुछु जगहिनि पर रूकि–रूकि के हल्लुक से मध्यम बरखा क क्रम जारी हौ।

**********